Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AVI DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A POU KONSOMATÈ YO POU SIVIYAN OLOKÒS YO AK FANMI YO AN REPONS AK YON FWOD

Avi DFS la raple konsomatè yo pou yo fè atansyon lè y ap resevwa korespondans yo pa te mande

DFS te refere fwod bay fòs lòd yo epi yo te retire sit entènèt ki gen fwod la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta Nouyòk la te pibliye yon avi pou konsomatè pou avèti sivivan Olokòs yo ak fanmi yo sou potansyèl fwod. Avi a vini apre korespondans ki gen fwod ke yo pa te mande, yon antite ki rele "Jewish Holocaust Claims Center" oubyen "JHCC" te voye bay sivivan Olokòs yo ak fanmi yo, epi ki ankouraje moun k ap resevwa yo pou yo soumèt reklamasyon pou konpansasyon. Apre DFS pa t kapab verifye idantite, sèvis yo, oswa lejitimite antite a, Depatman an te refere eskrokri a bay otorite lapolis ki konsène yo, epi li te rapòte sit entènèt antite a bay founisè ebèjman li a. Depi lè sa a, yo retire sit entènèt ki gen fwod la.

"Komèt eskrokri ak vòl nan men sivivan Olokòs yo ak fanmi yo se pi move bagay ki ka genyen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa a bay jistis pou sivivan Olokòs yo ki te soufri anba bagay ki pa ka eksprime e mwen angaje m pou m asire Eta Nouyòk pwoteje sivivan yo ak fanmi yo epi bay asistans ak byen Nouyòkè sa yo merite."

Sirentandan Pwovizwa DFS la, Kaitlin Asrow, te deklare, "Depatman an angaje pou asire ke sivivan Olokòs yo ak fanmi yo ka chèche restitisyon san yo pa pè. DFS ap kontinye travay avèk gouvènman nou an ak patnè kominotè nou yo pou pwoteje sivivan yo, bay asistans ou ka fè konfyans, epi ede fanmi yo rekipere byen yo te pran nan men yo enjisteman."

Apre DFS te fin pran konesans de korespondans endezirab la, li te pibliye yon avi pou konsomatè yo pou ankouraje sivivan Olokòs yo ak fanmi yo pou yo fè atansyon lè yo kontakte yo konsènan posiblite pou yo kalifye pou konpansasyon oswa restitisyon epi pou yo verifye endepandamman nenpòt kontak konsa anvan yo bay enfòmasyon pèsonèl oswa finansye. Depatman an te travay avèk konsomatè yo, òganizasyon

defans dwa yo, ak ofisyèl gouvènman lokal yo pou distribye alèt la epi asire moun ki potansyèlman afekte yo gen aksè a enfòmasyon ak asistans YO ka fè konfyans.

Yo te kreye Biwo Tretman Reklamasyon Olokòs (Holocaust Claims Processing Office, HCPO) DFS la an 1997 pou ede viktim Olokòs yo ak eritye yo rekipere byen ki te depoze nan bank yo; lajan ki poko peye nan kontra asirans konpayi asirans Ewopeyen yo; ak travay atistik ki te pèdi, piye, oswa vann anba kontrent. HCPO a pa fè reklamè yo peye pou sèvis li yo.

Depi kreyasyon li, HCPO te reponn ak plizyè milye demann epi li te resevwa reklamasyon nan tout 50 eta ameriken ak 53 peyi. Jiska prezan, HCPO a te ede retounen plis pase 184 milyon dola nan byen bay fanmi viktim yo pandan y ap rekipere tou 356 objè kiltirèl.

Sivivan Olokòs yo ak fanmi yo ki kwè yo ka kalifye pou konpansasyon oswa restitisyon, oswa ki vle verifye yon kominikasyon soti nan oswa ki afilye ak HCPO a, ta dwe kontakte Biwo Tretmman Reklamasyon Olokòs yo nan Eta Nouyòk nan (800) 695-3318 oswa claimsques@dfs.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.